



Règleman Asistans Finansye – Rezime nan langaj klè

Mayo Clinic epi Lopital ak Klinik ki afilye yo

Financial Assistance Policy – Plain Language Summary (Haitian Creole)

Mayo Clinic and Affiliated Hospitals and Clinics

Asistans Finansye yo Ofri

Mayo Clinic bay meyè swen pou chak pasyan epi li ofri asistans finansye pou pasyan ki pa kapab peye pou swen an ijans oswa swen medikal ki nesèsè.

Kondisyon pou Elijiblite ak Asistans Yo Ofri

Mayo Clinic revize anpil faktè pou deside si ou kalifye pou asistans finansye. Pami faktè sa yo, genyen kondisyon medikal ou, kalite swen medikal ou bezwen, asirans ou, ak lòt sous peman tankou reklamasyon aksidan pèsònèl, tout kalite revni kay ou, kantite moun ki nan fanmi ou, byen nan kay la, ak nenpòt pwoblèm espesyal ou ta ka pran an kont.

Asistans finansye ka disponib kèlkeswa asirans lan. Nivo asistans finansye a baze sou kapasite w pou peye frè fakti yo. Sepandan, asistans finansye pa disponib pou tout swen medikal, tankou chiriji estetik, tretman fètilité, kontounman gastrik, ak atik konfò pou pasyan yo. Ou pa ka jwenn asistans finansye pou swen ki pa ijans si Mayo Clinic pa kouvri anba asirans ou a. Sitwayènte w, rezidans, ak estati viza ka afekte kalifikasyon w tou.

Si w enskri kounye a nan Medicaid oswa Asistans Medikal, yo ka sipoze w kalifye pou asistans finansye. Yo ta ka sipoze w elijib tou dapre lòt enfòmasyon Mayo Clinic konnen. Mayo Clinic ap fè w konnen si prezime kalifikasyon an aplikab.

Si yo pa sipoze w elijib, ou dwe konplètman kolabore ak pwosesis aplikasyon an, tankou soumèt deklarasyon taks, deklarasyon labank, ak fich peman. Ou dwe ranpli yon aplikasyon pou Medicaid oswa Asistans Medikal, oswa lòt kalite asirans atravè yon platfòm asirans sante leta. Gade tout politik Asistans Finansye a pou w jwenn plis detay.

Kijan pou w aplike pou Asistans Finansye

Oumenm oswa yon lòt moun ki patisipe nan swen ou, tankou yon manm fanmi oswa yon founisè, ka fè fas ak enkyetid finansye a nenpòt ki moman pandan swen ou yo. Lè sa a, y ap ankouraje w ranpli yon aplikasyon pou asistans finansye, si sa nesèsè.

Asistans finansye aplikab sèlman pou swen medikal ou resevwa nan yon lokal lopital Mayo Clinic nan men pèsònèl Mayo Clinic. Depans tankou vwayaj, manje, lojman, ekipman medikal, ak preskripsyon yo pa kouvri anba Règleman Asistans Finansye. Mayo Clinic pwoteje konfidansyalite w ak diyite w pandan pwosesis sa a. Nenpòt enfòmasyon ou bay, yo pral trete yo kòm enfòmasyon sante ki pwoteje dapre Lwa sou Transparans ak Responsablite Asirans Sante (HIPAA).

Ki kote pou w jwenn kopi

Ou ka jwenn Règleman Asistans Finansye Mayo Clinic la ak Aplikasyon gratis lè w rele Sèvis Kont Pasyan an nan 1-844-217-9591 epi mande yon kopi pa lapòs oswa pa imèl. Règleman ak aplikasyon an disponib tou sou entènèt pou telechaje ak enprime. Pou Arizona, Florid, ak Rochester, vizite mayoclinic.org/financialassistance, epi pou lokal Mayo Clinic Health System, vizite mayoclinichealthsystem.org/financial-assistance. Kopi règleman ak aplikasyon an disponib tou nan zòn Admisyon ak Sèvis Komèsyal pou tout lokal lopital, klinik ak sèvis ijans Mayo Clinic.

Kontak pou enfòmasyon ak asistans

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Règleman Asistans Finansye a epi asistans ak pwosesis aplikasyon an nan Sèvis Kont Pasyan yo:

- An liy pou Arizona, Florid, ak Rochester nan mayoclinic.org/financialassistance epi pou lokal Mayo Clinic Health System nan mayoclinichealthsystem.org/financial-assistance.
- Ou ka rele tou 1-844-217-9591, oswa vizite yon lokal Enskripsyon ak Sèvis Komèsyal.

Pou moun ki pa pale Angle

Tradiksyon Règleman Asistans Finansye, Aplikasyon Règleman Asistans Finansye, ak Rezime langaj sa a disponib pou Arizona, Florid, ak Rochester nan mayoclinic.org/financialassistance, epi pou lokal Mayo Clinic Health System nan mayoclinichealthsystem.org/financial-assistance.

Pa plis pase kantite lajan yo faktire an jeneral la (AGB)

Si w kalifye pou asistans finansye, yo pa kapab fè w peye plis pase kantite lajan yo faktire pou pasyan ki gen asirans pou ijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè.